

Pwogram Prevantif pou Maladi Kadyak Konte Broward/Florida Panthers

Kòmanse ranpli fòmilè ki sou [paj sa a](#). Apre ou fin soumèt li, ekip swen nou an pral kontakte w pou egzamine yon ti valè kesyon sou depistaj.

Yo pataje kesyon yo la a pou w ka konnen sa nou pral mande. Ou pa bezwen ranpli yo anliy.

Y ap detèmine kalifikasyon final la apre yon egzamen klinik ekip swen nou an ap fè.

Kesyon debaz sou kalifikasyon

Ou dwe reponn WI pou tout sa yo pral mande la yo:

- Èske w gen ant 45 ak 70 lane?
- Èske w rete nan konte Broward?
- Èske w gen asirans sante ki aktif?

Kesyon sou faktè risk yo

Ou ka reponn ak kritè yo si w reponn Wi ak youn oswa plizyè nan kesyon sa yo:

- Dyabèt
- Tansyon wo
- Kolestewòl ki wo
- Antesedan fimen
- Antesedan famiyal pou maladi kowonaryèn (paran oswa frè/sè)

Konsiderasyon relatif ak antesedan medikal yo

Depistaj sa a ka pa apwopriye si w reponn Wi ak youn nan kesyon sa yo:

- Ou te sibi yon ajyogram kadyak ki te fèt pa tomodansitometri oswa yon egzamen eskò kalsyòm pandan senk dènye ane yo.
- Ou gen stents kadyak
- Ou te sibi yon chirijè kote yo te ouvè kè w oswa yon lòt chiriji kadyak
- Aktyèlman ou gen yon doulè nan pwatrin oswa souf kout
- W ap resevwa yon chimyoterapi oswa yon iminoterapi pou kansè
- Ou te resevwa yon grèf ògàn solid (kè, fwa oswa ren)

Nan kèk sitiyasyon, yo ka rekòmandeyon tès altènatif tankou yon egzamen eskò kalsyòm.

Kisa k ap pase aprè

Si depistaj lan parèt apwopriye, ekip nou an ap planifye depistaj ou an.